**दिन–सोमवार** **दिनांक–11.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

महिला एशियाई हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी प्रतियोगिता दू हजार चौबीस आइ सँ राजगीर मे शुरू भेल। चैंपियनशिप के उद्‌घाटन मैच मे जापान आ दक्षिण कोरिया के मध्य रोमांचक मोकाबिला दू–दू के बराबरी पर रहल। ओतहि, दोसर मैच मे चीन, थाईलैंड के पंद्रह–शून्य के विशाल अंतर सँ पराजित कयलक। आजुक तेसर मैच भारत आ मलेशिया के मध्य खेलल जा रहल अछि। एहि मैचक शुरूआत सँ पहिने मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रतियोगिताक औपचारिक उद्‌घाटन कयलनि। ओ खेलाड़ी लोकनिक उत्साहवर्धन सेहो कयलनि। प्रतियोगिता मे भारत सहित छओ देश– चीन, जापान, मलेशिया, कोरिया आ थाईलैंडक टीम भाग लऽ रहल अछि। खेलक समापन बीस नवंबर के होयत। बिहार मे पहिल बेर एहि तरहक प्रतिष्ठित अंतर्राष्ट्रीय खेलक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

न्यायमूर्ति संजीव खन्ना आइ भारतक एकाबनम प्रधान न्यायाधीश के रूप मे शपथ लेलनि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू राष्ट्रपति भवन मे आयोजित एक समारोह मे हुनका प्रधान न्यायाधीश के रूप मे शपथ दियौलनि। न्यायमूर्ति संजीव खन्ना न्यायमूर्ति डी.वाई चंद्रचूड के सेवानिवृत भेलाक बाद ई स्थान लेलनि अछि। एहि समारोह मे उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, कतेको केन्द्रीय मंत्री आ सर्वोच्च न्यायालय के न्यायाधीश सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

---

प्रदेशक चारि विधानसभा सीट– बेलागंज, इमामगंज, तरारी आ रामगढ़ उपचुनावक लेल आइ प्रचार अभियान समाप्त भऽ गेल। एहि क्षेत्र सभ मे तेरह नवंबर के मतदान हेबाक अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे उपचुनाव के प्रचार मे एनडीए आ इंडिया गठबंधन के नेता लोकनि अपन पूरा ताकत लगा देलनि। विधानसभा उपचुनावक लेल कुल अड़तीस प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। एम्हर, एनडीए के घटक दल भाजपा, जदयू आ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के नेता लोकनि अपन प्रत्याशी लोकनिक जीत सुनिश्चित करबाक लेल लगातार

जनसंपर्क कयलनि। ओतहि इंडिया गठबंधनक दिस सँ सेहो राजद, कांग्रेस आ वाम दल के नेता लोकनि लगातार चुनाव प्रचार मे लागल रहलाह।

———————————————————

निर्वाचन आयोग तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक उपचुनाव के लेल अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। आइये सँ नामांकन पत्र भरबाक काज सेहो शुरू भऽ गेल अछि। प्रत्याशी अठारह नवंबर धरि नामांकन पत्र भरि सकताह। उनैस नवंबर के नामांकन पत्र सभक जांच होयत। जखनकि प्रत्याशी एकैस नवंबर धरि नाम आपस लऽ सकताह। मतदान पांच दिसंबर के होयत आ मतक गिनती नओ दिसंबर के होयत। एहि सीट सँ एनडीए जदयूक अभिषेक झा के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। ओतहि, इंडिया गठबंधन सँ राजद गोपीकिशन के चुनाव मैदान मे उतारलक अछि। विदित अछि जे देवेशचन्द्र ठाकुर के लोकसभा सांसद चुनल गेलाक बाद एहि सीट पर उपचुनाव भऽ रहल अछि।

———————————————————

प्रदेशक उनैस जिलाक एक हजार पांच सय अस्सी पैक्सक चुनावक लेल नामांकनक प्रक्रिया आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकार सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एहि चरणक नामांकन के अंतिम तिथि तेरह नवंबर धरि निर्धारित अछि। अभ्यर्थी उनैस नवंबर धरि अपन नाम आपस लऽ सकताह। मतदान छब्बीस नवंबर के होयत। मतदानक दिन अथवा ओहि के अगला दिन मतक गिनती होयत। पैक्स चुनावक लेल अध्यक्ष आ सचिव सहित बारह पद के लेल मतदान होयत। अध्यक्ष आ सचिव के पद अनारक्षित होयत।

———————————————————

दरभंगा के शोभन मे प्रस्तावित एम्स के तेरह नवंबर के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी शिलान्यास करताह। स्थानीय सांसद गोपाल जी ठाकुर आइ शिलान्यास स्थल पर कयल जा रहल तैयारी के समीक्षा कयलनि आ अधिकारी लोकनि के आवश्यक दिशा—निर्देश देलनि।

———————————————————

देशक पहिल शिक्षा मंत्री मौलाना अबुल कलाम आजदक जयंती आइ शिक्षा दिवसक रूप मे मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना के पुनाईचक मे मौलाना अबुल कलाम आजादक नाम पर नवनिर्मित पार्कक लोकार्पण कयलनि। श्री कुमार मौलाना अबुल कलाम आजादक प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

एम्हर पटना के ज्ञानभवन मे आयोजित शिक्षा पुरस्कार समारोह मे शिक्षा मंत्री सुनील कुमार उल्लेखनीय योगदानक लेल कतेको शिक्षक लोकनि के सम्मानित कयलनि। बाद मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री कुमार कहलनि जे शिक्षक लोकनिक स्थानांतरण नीति मे परिवर्तन कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे ओहेन जिला जतऽ मात्र एक अनुमंडल अछि ओतऽ शिक्षक लोकनि के जिला सँ बाहर नहि पठाओल जायत। ओतऽ के शिक्षक लोकनिक पोस्टिंग अनुमंडल के भीतरे होयत।

———————————————————

प्रदेश मे उच्चतम आ न्यूनतम तापमान एखनहूँ सामान्य सँ ऊपर बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला चारि दिन धरि तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ओना रातिक तापमान मे एक सँ दू डिग्री सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि।

———————————————————

राष्ट्रीय जांच एजेसी– एनआईए सीवान जिलाक सराय थाना क्षेत्रक पुराना किला पोखरा निवासी अख्तर अली के आवासीय ठेकाना पर छापामारी कयलक अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे जांच एजेंसी लगभग पांच घंटा धरि छापामारी कयलक। एहि दरमियान घर के सदस्य लोकनि सँ सेहो पूछताछ कयल गेल। ई छापामारी कोन मामिला मे कयल गेल अछि ई एखन विदित नहि अछि।

———————————————————

समाप्त